



Prezidan Thomas S. Monson

# Panse sou chemen n ap mache a

*Si nou pran Jezi kòm Egzanp nou epi nou mache sou tras Li, nou ka retounen al jwenn Papa nou ki nan syèl la an sekirite.*

**F**rè ak sè byeneme m yo, mwen santi m touche pou m kanpe devan nou maten an. M ap mande lafwa nou ak priyè nou pandan m ap pataje mesaj mwen an avèk nou an.

Nou tout te kòmanse yon bèl vwayaj esansyèl lè nou te kite mond lespri a pou nou te antre nan etap si souvan difisil ki rele mòtalite a. Bi prensipal egzistans nou sou tè a se pou nou pran yon kò lachè ak zo, pou nou ka fè eksperyans ki te posib sèlman atravè yon separasyon avèk paran selès nou yo, epi pou wè si n ap respekte kòmandaman yo. Nan liv Abraham nan, chapit twa, nou li: “Epi nou pral pase yo anba eprèv sou li, pou nou wè si yo pral fè tout bagay Senyè Bondye yo a pral kòmande yo.”<sup>1</sup>

Lè nou te vin sou tè a, nou te pote avèk nou gwo kado Bondye sa a—ki se libabit nou an. Nan demilye fason, nou gen posiblite pou n chwazi pou tèt pa nou. Isit la nou aprann nan men mèt ki se eksperyans lan. Nou disène ant byen ak mal. Nou

fè diferans ant anmè ak dous. Nou aprann ke desizyon detèmine destine.

Mwen sèten ke nou te kite Papa nou an avèk gwo dezi pou nou retounen al jwenn ni, pou n kapab jwenn egzaltasyon Li te planifye pou nou an, ke poutèt pa nou, nou te si anvi a. Byenke Pè Selès nou an kite nou pou nou jwenn ak suiv chemen k ap mennen nou retounen al jwenn ni an, Li pa t voye nou isit la san direksyon ak gidans. Li ba nou zouti nou bezwen yo, e L ap ede nou si nou mande èd Li e si nou eseye fè tout sa ki nan pouvwa nou pou nou pèsevère jiskalafen pou nou ka jwenn lavi etènèl la.

Pou gide nou, nou gen pawòl Bondye ak Pitit Gason L lan ke nou jwenn nan ekriti sent yo. Nou gen konsèy ak ansèyman pwofèt Bondye yo. Pi enpòtan toujou, nou gen yon egzanp pafè yo ba nou pou nou suiv—egzanp Senyè ak Sovè nou an, Jezikri—e yo banou enstriksyon pou nou suiv egzanp sa a. Sovè a Limenm te di: “Vini, suiv mwen.”<sup>2</sup> “Paske sa

nou te wè m fè, nou dwe fè.”<sup>3</sup> Li te poze kesyon sa a: “Ki kalite moun nou dwe ye?” Epi li te reponn ni: “Anverite, m di nou, menmjan avèk mwen.”<sup>4</sup> “Li te trase chemen an e li dirije wout la.”<sup>5</sup>

Si nou pran Jezi kòm Egzanp nou an epi nou suiv tras Li, nou ka retounen ansekrite al jwenn Pè Selès nou an pou nou viv avèk Li pou tout tan. Pwofèt Nefi te di: “Si yon moun pa pèsevère jiskalafen, pou l suiv egzanp Pitit Gason Bondye vivan an, li pa kapab sove.”<sup>6</sup>

Chak fwa l t ap rakonte eksperyans li te fè pandan yon vizit nan Tè Sent la, yon madanm te toujou di: “M te mache kote Jezi te mache!”

Li te ale nan zòn kote Jezi te viv ak anseye a. Petèt li dwe te kanpe sou yon wòch Jezi te kanpe yon fwa a oubyen kontanple ranje mòn yo Li te konn gade yo. Eksperyans sa yo, poukont pa yo, te eksitan pou li; men mache fizikman *kote* Jezi te mache yo mwens enpòtan pase mache *jan* Li te mache. Imite aksyon L yo ak suiv egzanp Li pi enpòtan anpil pase eseye retrase wout Li te pase yo nan mòtalite a.

Lè Jezi te lanse yon sèten moun rich envitasyon “Vini, suiv mwen”<sup>7</sup> an, Li pa t fè l senpleman poutèt pou mesye rich la te ka suiv li monte ak desann mòn ak vale yo nan peyi a.

Nou pa bezwen al mache sou rivaj Galile yo oubyen pami mòn Jide yo pou nou mache kote Jezi te mache. Nou tout kapab mache sou chemen Li te mache a lè nou chwazi pou nou suiv li pandan vwayaj nou nan mòtalite a, avèk pawòl li yo k ap sonnen

nan zòrèy nou, lespri Li k ap ranpli kè nou, ak ansèyman L yo k ap gide lavi nou. Egzanp li klere chemen an. Li te di: “Mwen se chemen an, verite a, ak lavi a.”<sup>8</sup>

Si nou egzamine wout Jezi te mache a, n ap wè ke li te mennen L atravè anpil menm kalite pwoblèm ke nou menm n ap konfwonte nan lavi a.

Pa egzanp, Jezi te mache sou chemen desepsyon an. Malgre ke Li te sibi anpil desepsyon, youn nan sa ki pi emouvan yo se sa yo dekri nan lamantasyon li sou Jerizalèm lè L t ap fini ministè piblik Li a. Pitit Izrayèl yo te rejte sekirite zèl pwoteksyon Li te ofri yo a. Pandan Li t ap gade vil la ki ta pral vit tonbe anba destriksyon an, Li te anvayi pa gwo tristès. Nan angwas li, Li te kriye: “O Jerizalèm, Jerizalèm, ou menm ki touye pwofèt yo, e ki touye moun Bondye voye ba ou yo ak kout wòch; konbyen fwa M te rasanble pitit ou yo, tankou yon manman poul rasanble tipoul li yo anba zèl li, men ou pa t vle!”<sup>9</sup>

Jezi te mache sou wout tantasyon an. Lisifè, malen an, pandan l te rasanble pi gwo fòs li, ak mansonj ki pi atiran l yo, te tante Jezi ki te jene pandan 40 jou ak 40 nuit. Jezi pa t sikonbe; men, Li te reziste anba chak tantasyon. Pawòl final Li sete: “Wete kò w sou mwen, Satan.”<sup>10</sup>

Jezi te mache sou chemen soufrans lan. Panse sou Jetsemani, kote Li te “nan agoni . . . epi syè t ap koule sou li tonbe atè tankou gwo degout san.”<sup>11</sup> Epi, pèsonn pa ka bliye soufrans Li sou kwa kriyèl la.

Nou chak gen pou n mache sou chemen desepsyon an, petèt akòz yon okazyon nou rate, yon pouvwa nou mal itilize, chwa yon fanmi nou, oubyen yon chwa nou menm nou fè. Chemen tantasyon an ap chemen nou chak tou. Nou li nan seksyon 29 Doktrin ak Alyans yo: “Epi li nesèsè pou dyab la tante pitit lèzòm, san sa yo pa t ap kapab chwazi pou tèt pa yo.”<sup>12</sup>

Menmanjan tou, nou dwe mache sou chemen soufrans lan. Nou menm, antanke sèvitè, nou pa bezwen krenn

pou nou sibi plis pase Mèt la, ki te kite mòtalite a apre gwo lapenn ak soufrans lan.

Men, pandan n ap jwenn gwo soufrans sou chemen nou an, nou ka jwenn gwo lajwa tou.

Avèk Jezi, nou kapab mache sou chemen obeyisans lan. Li pap toujou fasil, men se pou deviz nou se deviz Samyèl ba nou kòm eritaj la: “Gade, obeyisans pi bon pase sakrifis, epi koute pawòl li yo pi bon pase grès bèt yo.”<sup>13</sup> An nou sonje ke rezilta final dezobeyisans se kaptivite ak lanmò, pandan ke rekonpans pou obeyisans se libète ak lavi etènèl.

Menmjan ak Jezi, nou ka mache sou chemen sèvis la. Lavi Jezi sete tankou yon pwojektè klere ak bonte pandan l t ap sèvi pami lèzòm yo. Li te pote fòs bay kokobe yo, li te fè avèg yo wè, moun soud yo tande.

Jezi te mache sou chemen lapriyè a. Li anseye kijan pou nou priye kote Li te fè bèl priyè nou konnen kòm Priyè Senyè a kounyeya. Epi, kimoun ki ka bliye priyè Li nan Jetsemani an: “Se pa volonte pa m, men se volonte pa ou ki pou fèt.”<sup>14</sup>

Gen lòt enstriksyon Sovè a ba nou toujou ki alapòte nou, ke n ap jwenn nan ekriti sent yo. Nan Diskou sou Mòn nan, Li di nou pou nou gen mizèrikòd, pou nou enb, pou nou jis, pou nou pi nan kè, pou nou se patizan lapè. Li enstwi nou pou nou kanpe bravman pou kwayans nou, menm lè y ap pase nou nan betiz e pèsekite nou. Li mande nou pou nou kite limyè nou klere pou lòt moun kapab wè epi vin anvì glorifye Papa nou ki nan Syèl la. Li anseye nou pou nou rete moralman pwòp nanpanse nou ak nan aksyon nou. Li di nou ke sa ki pi enpòtan toujou se sere trezò nan syèl la pase sou tè a.<sup>15</sup>

Parabòl Li yo anseye avèk pouvwa ak otorite. Avèk resi bon Samariten an, Li anseye nou pou nou renmen ak sèvi pwochen nou.<sup>16</sup> Nan parabòl talan an, Li anseye nou pou nou amelyore tèt nou pou n eseye chèche pèfeksyon.<sup>17</sup> Avèk parabòl brebi pèdi a, Li ba nou enstriksyon pou nou al

chèche moun ki pèdi chemen an e ki pèdi wout yo.<sup>18</sup>

Pandan n ap efòse nou pou nou mete Kris la nan sant lavi nou nan aprann pawòl Li yo, nan suiv ansèyman L yo, ak nan mache sou chemen L lan, Li pwomèt pou l ba nou nou lavi etènèl Li te mouri pou L te ka akèri a. Pa gen pi gwo fen pase sa a, pou nou chwazi aksepte disiplin ni epi vin disip Li epi fè travay Li pandan tout lavi nou. Okenn lòt bagay, okenn lòt chwa pa kapab fè nou vin sa Li kapab fè nou devni an.

Lè m ap panse ak moun ki te vrèman eseye suiv egzanp Sovè a ak mache sou chemen Li, m toujou sonje non Gustav ak Margarete Wacker—de nan moun ki pi kretyen m te janm rankontre. Yo te soti an Almay, yo te imigre nan Lès Kanada, epi m te rankontre yo lè m t ap sèvi kòm prezidan misyon nan Kanada. Frè Wacker sete yon kwafè. Malgre mwayen yo te limite anpil, yo te pataje tout sa yo te genyen. Yo pa t gen pitit, men yo te pran swen tout moun ki te antre lakay yo. Gason ak fi save ak distenge te konn vin chèche konpayi sèvitè Bondye enb, ki pa t save sa yo e yo te konsidere tèt yo kòm moun ki te gen chans si yo te ka pase inèdtan nan prezans yo.

Aparans yo te tou òdinè, Anglè yo te ezitan e li te yon tijan difisil pou konprann, lakay yo pa t estravagan. Yo pa t posede machin ni televizyon, ni yo pa t gen okenn nan bagay mond lan abityèlman konsidere yo. Men, moun fidèl te toujou ap vizite yo souvan pou yo te ka benefisye lespri ki te genyen lakay yo a. Fwaye yo sete yon kwen syèl la sou tè a, e lespri yo te degaje a te ranpli ak lapè ak bonte pure.

Nou menm tou, nou kapab gen espri sa a e fè tout moun benefisye li si nou mache sou tras Sovè nou an epi suiv egzanp pawòl Li.

Nan Pwovèb, nou li egzòstasyon sa a: “Panse sou chemen w ap mache a.”<sup>19</sup> Si nou fè sa, n ap gen lafwa, ak menm dezi, pou nou mache sou chemen Jezi te mache a. Nou pap

doute ke nou sou chemen Papa nou vle pou nou suiv la. Egzanp Sovè a ba nou yon modèl pou tout sa n ap fè, epi pawòl Li yo se yon gid enfayib. Chemen L lan ap mennen nou lakay ansekirite. Mwen priye pou nou jwenn benediksyon sa a, nan non Jezikri, ke m renmen an, ke m ap sèvi a, e konsènan Li mwen temwaye, amèn.

#### NÒT

1. Abraram 3:25.
2. Lik 18:22.
3. 3 Nefi 27:21.
4. 3 Nefi 27:21.
5. Eliza R. Snow, "How Great the Wisdom and the Love," *Hymns*, no. 195.
6. 2 Nefi 31:16.
7. Lik 18:22.
8. Jan 14:6.
9. Lik 23:34.
10. Matye 4:10.
11. Lik 22:44.
12. Doktrin ak Alyans 29:39.
13. 1 Samyèl 15:22.
14. Lik 22:42.
15. Gade Matye 5; 6.
16. Gade Lik 10:30–37.
17. Gade Matye 25:14–30.
18. Gade Lik 15:4–7.
19. Pwovèb 4:26.

## Ansèyman pou epòk pa nou an

**S**oti Oktòb 2014 rive Avril 2014, leson katriyèm Dimanch yo pou Prètriz Mèlkisedèk ak Sosyete Sekou dwe prepare apati youn oubyen plis nan diskou yo te bay nan konferans jeneral Oktòb 2014 la. An Avril 2015, nou gen dwa chwazi diskou yo nan oubyen konferans jeneral Oktòb 2014 la oubyen sa Avril 2015 la. Prezidan pieu yo ak distri yo dwe chwazi ki diskou pou yo itilize nan zòn pa yo a, oubyen yo ka delege responsablite sa a bay evèk yo ak prezidan branch yo.

Diskou yo disponib nan plizyè lang nan [conference.lds.org](http://conference.lds.org).



**Prezidan Dieter F. Uchtdorf**

Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan

# Resevwa yon temwanyaj limyè ak verite

*Temwayaj pèsònèl nou sou limyè ak verite a ap non sèlman yon benediksyon pou nou menm ak posterite nou isit la nan mòtalite a, men, l ap akonpaye nou tou pandan tout letènite.*

Lè m te pilòt ayeryen, mwen te konn pase plizyè èdtan ap travèse kontinan ak oseyan nan fènwa lanwit. Lè m te konn ap gade syèl la lannuit la nan fenèt kabin avyon an, espesyalman ‘Voie Lactée’ a, mwen te konn souvan santi m emèveye devan grandè ak pwofondè kreyasyon Bondye yo—sa ekriti yo dekri kòm “mond nou pa ka konte.”<sup>1</sup>

Sa gen mwens pase yon syèk, astwonòm yo te panse ke galaksi Voie Lacté nou an sete sèl galaksi nan inivè a.<sup>2</sup> Yo te panse ke tout sa ki te odela galaksi nou an sete yon gwo neyan, yon vid enfini—, frèt, epi san zetwal, san limyè, ak lavi.

Lè teleskòp yo te vin pi pèfeksyon—pami yo, teleskòp yo te ka voye nan lespas yo—astwonòm yo te kòmanse konprann yon verite espektakilè, prèske enkonpreyansib: ke inivè a enkwayableman pi gran pase tout sa yon moun te ka panse anvan, epi syèl yo ranpli avèk galaksi nou

paka konte, sou distans nou pa ka imajine, yo chak gen dè santèn bilyon zetwal.<sup>3</sup>

Nan yon ti bout tan, konpreyasyon nou sou inivè a te chanje ajamè.

Jodia nou kapab wè kèk nan galaksi elwaye yo.<sup>4</sup>

Nou konnen ke yo la.

Yo te la depi trè lontan.

Men anvan lòm te gen enstriman ase pisan pou yo te kapte limyè selès la e rann galaksi sa yo vizit la, nou pa t panse ke yon bagay konsa te posib.

Imansite inivè a pat change toudenkou, men kapasite nou pou wè ak konprann verite sa a te chanje radikalman. Epi, avèk pi gwo limyè sa a, limanite te vin wè pèspektiv gloriye moun pa t janm imajine anvan ki te prezante devan li.

## **Li difisil pou nou kwè sa nou pa kapab wè**

Sipoze ke ou te kapab vwayaje retounen nan letan epi ou vin gen

yon konvèsasyon avèk moun ki te viv depi yon milye oubyen menm yon santèn ane pase. Imajine w t ap eseye dekri yo kèk nan teknoloji modèn oumenm avèk mwen pa pran pou anyen yo jodia. Paregzanp, kisa moun sa yo t ap panse de nou si nou ta rakonte yo istwa sou gwo avyon, fou mikwo-ond, aparèy mobil nou kenbe nan yon men, ki gen gwo libreri dijital, ak videyo pitit pitit nou ke n ap pataje ala minit avèk dè milyon moun atravè mond lan?

Gen kèk ki ta ka kwè nou. Men, laplipa nan yo t ap pase nou nan betiz, opoze ak nou, oubyen menm petèt chèche fèmen bouch nou oubyen blese nou. Gen kèk ki ta ka tante aplike lojik, larezon ak prèv yo jan yo konnen yo pou montre ke nou nan lerè, nou fou, oubyen nou danjere. Yo ta ka menm kondane nou pou di ke n ap eseye twonpe lòt moun.

Men natirèlman, moun sa yo tap konplètman nan erè. Yo te gen dwa plen bòn volonte ak senserite. Yo te gen dwa petèt absoliman sèten de opinyon yo. Men, yo te gen dwa tou senpleman pa t kapab wè klè paske yo pa t ko resevwa limyè laverite ki pi konplèt la.

## **Pwomès limyè a**

Sanble ke sa se yon trè komen lakay lòm, pou yo asime ke yo gen rezon menm lè yo nan erè. E, si se konsa, ki espwa ki genyen pou nenpòt nan nou? Èske nou destine pou nou flote san bi sou yon oseyan enfòmasyon kontradiktwa, kwense sou yon kannòt nou te mal bati akoz pwòp prejije pa nou?

Èske l posib pou nou jwenn laverite?

Objektif remak mwen yo se pou pwoklame mesaj jwaye ke Bondye Li-menm—Senyè lame yo ki konnen tout verite—a fè pitit li yo pwomès ke yo kapab konnen verite a pou tèt pa yo.

Tanpri, annou reflechi sou pòte gwo pwomès sa a:

Bondye Etènèl e Toupuisan an, Kreyatè gwo inivè sa a, pale avèk moun ki adrese Li avèk yon kè sensè ak yon entansyon reyèl.

L ap pale avèk yo nan rèv, nan vizyon, panse ak santiman.

L ap pale avèk yo nan yon fason ki pa kite plas pou dout e ki depase eksperyans imèn. L ap bayo direksyon divin ak repons pou lavi pèsònèl yo.

Byensi ke ap toujou gen moun k ap pase nou nan betiz pou di ke yon bagay konsa enposib, ke, si te gen yon Bondye, Li t ap gen pi bon bagay pou l fè pase koute epi reponn lapriyè yon sèl moun.

Men, kite m di nou: Bondye sousye de nou. L ap koute epi L ap reponn kesyon pèsònèl nou yo. Repons priyè nou yo ap vini nan fason pa Li ak nan moman pa li, e sepoutèt sa, nou bezwen aprann koute vwa Li. Bondye vle nou jwenn chemen pou nou retounen al jwenn ni an, epi Sovè a se chemen an.<sup>5</sup> Bondye vle nou aprann nan men Pitit Gason L lan, Jezikri, epi pou nou fè eksperyans lapè ak lajwa pwofon ki soti nan suiv chemen divin disp la.

Chè zanmi m yo, men yon eksperyans ki ase senp, avèk yon garanti nan men Bondye, ke n ap jwenn nan yon liv ekriti ansyèn ki disponib pou chak gason ak fi, ak timoun ki vle mete l aleprèv:

*Premyèman*, nou dwe sonde pawòl Bondye a. Sa vle di li ekriti yo epi etidye pawòl pwofèt ansyen ak modèn yo konsènan levanjil retabli Jezikri a—non pa avèk entansyon pou nou mete l andout ni kritike men avèk dezi sensè pou dekouvri verite a.<sup>6</sup> “Menmsi nou sèlman vle kwè, kite santiman sa a travay nan nou . . . pou nou kapab fè plas pou [pawòl Bondye a].”<sup>7</sup>

*Dezyèmman*, nou dwe reflechi, medite, efòse nou pou nou kwè,<sup>8</sup> epi gen rekonesans pou jan Senyè a te gen mizerikòd pou pitit li yo depi nan epòk Adan an jiska epòk pa nou an, kote Li voye pwofèt, vwayan ak revelatè pou dirije Legliz Li a epi pou ede nou jwenn chemen pou nou nou retounen al jwenn ni an.

*Twazyèmman*, nou dwe mande Papa nou ki nan Syèl la, nan non Pitit Gason L lan, Jezikri, pou L manifeste verite Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo pou nou. Mande avèk yon kè sensè ak yon entansyon reyèl, avèk lafwa nan Kris la.<sup>9</sup>

Gen yon *katriyèm* etap tou, ke Sovè a te bannou: “Si yon moun deside fè sa Bondye vle, la konnen si bagay m’ap moutre yo soti nan Bondye osinon si se pawòl pa m’ m’ap pale.”<sup>10</sup> Otremandi, lè n ap eseye verifye verasite prensip levanjil yo, nou dwe viv yo toudabò. Mete doktrin levanjil la ak ansèyman Legliz la aleprèv nan lavi nou. Fè sa avèk yon entansyon reyèl ak yon lafwa dirab nan Bondye.

Si nou fè bagay sa yo, nou gen yon pwomès nan men Bondye—ki lye pa pawòl Li<sup>11</sup>—ke L ap manifeste nou verite a pa pouvwa Sentespri a. L ap banou yon pi gwo limyè ki ap pèmèt nou gade atravè fènwa pou nou wè pèspektiv gloriye ki depase imajinasyon ke moun mòtèl pa kapab konprann.

Gen moun ki ka di ke etap sa yo twò difisil oubyen yo pa merite efò a. Men, mwen vle di nou ke temwanyaj pèsònèl sa a sou levanjil la ak Legliz la se bagay ki pi enpòtan nou kapab akeri nan lavi sa a. Non sèlman l ap yon benediksyon ak yon gid pou nou nan lavi sa a, men, lap vin gen yon enpak dirèk sou lavi nou pou tout letènèl.

### **Se sèlman avèk Lespri nou kapab konprann bagay Lespri yo**

Moun lasyans yo te gen difikilte pou yo te konprann gwo sè inivè a, jiskaskè enstriman yo te vin pèfeksyone ase pou kapte plis limyè pou

te pèmèt yo konprann yon verite pi konplè.

Apot Pòl te anseye yon prensip paralèl konsènan konesans espirityèl la. Li te ekri Korentyen yo: “Lòm natirèl pap aksepte bagay ki soti nan Lespri Bondye, paske pou li se pawòl moun fou yo ye, ni tou li pap kapab konprann yo paske se Lespri Bondye a ki pou edel egzamine yo.”<sup>12</sup>

Otremandi, si nou vle rekonèt yon verite espirityèl, nou dwe itilize bon enstriman. Nou pa kapab rive konprann verite espirityèl la avèk enstriman ki pa kapab detekte li.

Sovè a di nou, nan epòk pa nou an: “Yon bagay ki soti nan Bondye li se limyè; epi yon moun kiresevwa limyè epi ki kontinye nan Bondye, li resevwa plis limyè; epi limyè sa a vin pi klerejistan l fè jou klè.”<sup>13</sup>

Plis nou koube kè nou ak lespri nou devan Bondye, se plis limyè selès la ap devèse sou nanm nou. Epi, chak fwa nou volontèman e sensèman chèche limyè sa a, nou montre Bondye ke nou pare pou n resevwa plis limyè. Piti piti, bagay ki te parèt flou, ensèten, ak lwenten yo anvan an, ap vin klè, byen klere e familye pou nou.

Nan menm sans lan tou, si nou rale tèt nou nan limyè levanjil la, pwòp limyè pa nou ap kòmanse bese—pa nan yon jou ni nan yon semèn men piti piti, avèk letan—jiskaskè lè n ap gade dèyè, nou pa p ka toutafè konprann kijan nou te fè janm panse ke levanjil la te vrè. Konesans nou te genyen anvan an ka menm vin parèt ensanse, paske sa ki te si klè pou nou anvan an vin flou, ensèten, ak lwenten.

Sepoutèt sa Pòl te di avèk ensistans ke mesaj levanjil la se pawòl moun fou pou moun k’ap peri yo, “men, pou [moun] ki sove yo, li se pouvwa Bondye.”<sup>14</sup>

### **Pa gen tès desizif**

Legliz Jezikri Pou Sen Dènnye Jou yo se yon kote pou moun avèk tout kalite temwanyaj. Gen kèk manm Legliz la ki gen temwanyaj yo sèten

epi li briye byen klere andedan yo. Gen lòt ki ankò ap chèche konnen pou tèt pa yo. Legliz la se yon fwaye rasanbleman pou tout moun, kèlkeswa pwofondè oubyen wotè temwanyaj nou. Nan konesans pa m, pa gen okenn pano sou pòt chapèl nou yo ki gen ekri: “Temwanyaj nou dwe wotè sa a pou nou antre.”

Legliz la se pa jis pou moun ki pafè, men, li la pou tout moun ka “vin jwenn Kris la, epi pèfeksyone nan Li.”<sup>15</sup> Legliz la se pou moun tankou oumenm avèk mwen. Legliz la se yon kote pou akeyi ak edifye, non pa pou separe oubyen kritike. Se yon lye kote nou youn tounen vè lòt pou youn ka ankouraje, edifye, ak soutni lòt pandan nap pousoiv rechèch pèsonèl nou pou verite divin yo.

Finalman, nou tout se se pèleren k ap chèche limyè Bondye pandan n ap vwayaje sou chemen disip la. Nou pa kondane lòt moun pou kantite limyè yo genyen oubyen yo pa genyen; olyesa, nou noura ak ankouraje tout limyè jiskaske li grandi vin klè, byen klere, epi vrè.

### Yon pwomès pou tout moun.

Annou rekonèt ke, pi souvan, akèri yon temwanyaj se pa bagay yon minit, inèdtan, oubyen yon jou. Se pa yon bagay nou fè yon fwa epi fini. Pwosesis akèri limyè espirityèl la se yon rechèch tout yon lavi.

Temwanyaj nou konsènan Pitit Gason vivan Bondye a ak Legliz retabli

Li a, Legliz Jezikri Pou Sen Dènnye Jou yo, gen dwa pa vini osi vit ke nou ta vle, men, mwen ka pwomèt nou ke: si nou fè pati pa nou an, l ap vini.

E l ap mayifik.

Mwen rann nou temwanyaj pèsonèl mwen ke verite espirityèl la ap ranpli kè nou e pote limyè nan lespri nou. L ap revele nou entelijans pure avèk yon lajwa mèveye ak yon lapè selès. Mwen te fè eksperyans la pou tèt pa m pa pouvwa Sentepri a.

Jan ekri ansyen tan yo pwomèt la, prezans ineksplikab Lespri Bondye a ap fè nou anvi chante kantik amou redanmtè a,<sup>16</sup> leve je nou nan syèl la, epi elve vwa nou nan louwanj pou Bondye ki Pi Wo a, Refij nou, Espèrans nou, Pwotektè nou, Papa nou. Sovè a pwomèt ke si nou chèche, n ap jwenn.<sup>17</sup>

Mwen temwanye ke se verite. Si nou chèche verite Bondye a, sa ki kounyeya ka parèt fèb, flou, ak lwenten yo ap vin revele piti piti, byen klè, epi y ap vin chè pou nou pa limyè gras Bondye a. Pèspektiv espirityèl siblim, ke je imen pa ka konsevwa, ap revele pou nou.

Mwen temwanye ke limyè espirityèl sa a alapòte chak pitit Bondye. L ap eklere lespri nou, pote gerizon nan kè nou ak lajwa nan lavi nou. Chè zanmi mwen, tanpri, pa ranvwaye moman pou nou chèche ak ranfòse temwanyaj pèsonèl nou konsènan travay divin Bondye a, travay limyè ak verite a.

Temwanyaj pèsonèl nou sou limyè ak verite a ap non sèlman yon benediksyon pou nou isit la nan mòtalite a, men, l ap akonpanye nou atravè tout letènite tou, pami mond san fen yo. Konsènan sa mwen temwanye e m kite nou avèk benediksyon mwen, nan non Jezikri, amèn.

### NÒT

1. Moyiz 1:33.
2. Gade Marcia Bartusiak, *The Day We Found the Universe* (2009), xii. Se toujou yon sipriz pou mwen pou m wè konbyen nou ka sèten de konklizyon nou yo. Pafwa asirans nou si gran ke nou pande ke nou gen tout verite a. Men yon egzanzp: “Simon Newcomb, dwayen ameriken astwononmi an nan fen diznyèm syèk la, te deklare nan inogirasyon yon obsèvatwa an 1887 ke ‘konsènan astwononmi . . . sanble ke n ap apwoche rapidman nan limit konesans nou. . . . Rezilta a sèke travay ki reyèlman okipe atansyon astwonòm nan se mwens dekouvri nouvo bagay ke elabore bagay ki deja koni” (Bartusiak, xv).
3. Li enteresan pou nou medite sou Moyiz 1:33, 35 nan limyè ‘dènnye’ dekouvèt sa a. Liv Moyiz la nan Pèl Gran Pri a te revele a Pwofèt Joseph Smith an Jen 1830, prèske yon syèk anvan Edwin Hubble te anonse dekouvèt galaksi lwenten yo.
4. Gade pa egzanzp, the Hubble Heritage Image Gallery at [heritage.stsci.edu/gallery/gallery.html](http://heritage.stsci.edu/gallery/gallery.html).
5. Gade Jan 14:6.
6. Gade 3 Nefi 17:3.
7. Alma 32:27.
8. Gade Doktrin ak Alyans 67:3.
9. Gade Mowoni 10:3–5.
10. Jan 7:17; gade tou Som 25:14; Jan 3:21.
11. Gade Doktrin ak Alyans 82:10.
12. 1 Korentyen 2:14.
13. Doktrin ak Alyans 50:24.
14. 1 Korentyen 1:18.
15. Mowoni 10:32; gade tou Doktrin ak Alyans 20:59.
16. Gade Alma 5:26.
17. Gade Doktrin ak Alyans 88:63.